



Social Security

Benefis pou Swivivan



The background of the page features a stylized graphic of a rising sun or flame, composed of numerous curved blue and orange lines. This graphic is set against a dark blue gradient background that is lighter towards the bottom. Small white stars of varying sizes are scattered throughout the background, particularly on the left side and around the base of the sun graphic.

www.socialsecurity.gov

Kontakte Sekirite Sosyal

Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, www.socialsecurity.gov, se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou avantaj retrèt, andikap, ak Medicare;
- Revize *Social Security Statement (Etadkont Sekirite Sosyal)* ou;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

Rele nan nimewo gratis nou

Anplis itilizasyon sitwèb nou, ou toujou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandem yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap gen yon tan ki pi kout pou tann si ou rele pandan jou lasemèn apre madi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa si ou mal pou tandem, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

Ki sa ki andedan

Enpòtans asirans Sekirite Sosyal pou swivivan 4

Si w ap travay ... sa w bezwen konnen konsènan
benefis pou swivivan 4

Lè yon manm nan fanmi w mouri ... sa w bezwen
konnen konsènan benefis pou swivivan 7

Enpòtans asirans Sekirite Sosyal pou swivivan

Lè yon moun k ap touche salè nan fanmi an mouri, sa lakòz domaj emosyonèl ak finansye. Sekirite Sosyal ap bay èd. Pou fè sa li ofri revni pou fanmi travayè ki mouri yo. Kidonk, 98 sou chak 100 timoun ka resevwa benefis si yon paran k ap travay mouri. Epitou, Sekirite Sosyal peye plis benefis pou timoun pase nenpòt lòt pwogram federal.

Tiliv enfòmasyon sa a ap ba ou yon rezime benefis Sekirite Sosyal pou swivivan ki peye pou konjwen ak timoun yon travayè ki mouri. Tiliv enfòmasyon sa a pa deziyen pou reponn tout kesyon ou ka genyen. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Sekirite Sosyal pou swivivan, ale nan wèbsayt oswa rele nan nimewo gratis yo.

Si w ap travay ... sa w bezwen konnen konsènan benefis pou swivivan

“Asirans vi” nan Sekirite Sosyal

Anpil moun panse Sekirite Sosyal se sèlman yon pwogram retrèt. Men kèk taks Sekirite Sosyal ou peye itilize pou asirans swivivan pou travayè ak fanmi yo. Kidonk, valè asirans swivivan ou genyen nan Sekirite Sosyal ka pètèt plis pase valè asirans vi ou genyen apa.

Lè w mouri, sèten manm fanmi ou ka elijib pou benefis swivivan. Pami swivivan yo, gen vèf, vèv (ak vèf ak vèv ki divòse), timoun ak paran depandan yo.

Kouman mwen gen asirans swivivan?

Lè w travay epi ou peye taks Sekirite Sosyal, ou gen kredi nan benefis Sekirite Sosyal ou. Kantite ane ou bezwen pou travay pou fanmi ou ka elijib pou benefis swivivan Sekirite Sosyal depanne laj ou genyen lè w mouri. Tank yon moun pi jèn, tank li bezwen mwens ane pou li travay.

Men pèsòn pa bezwen plis pase 10 zan travay pou li ka elijib pou nenpòt benefis Sekirite Sosyal. **Dapre yon règ espesyal**, si w travay pandan sèlman yon ane ak mwatye ane nan twazan sèlman anvan w mouri, benefis yo ka peye pou pitit ou ak konjwen ou k ap pran swen timoun yo.

Kimoun ki kapab resevwa avantaj sivivan ki baze sou travay ou?

- **Vèf oswa vèv ou** ka anmezi pou resevwa tout avantaj yo lè li gen laj konplè pou pran retrèt. Laj konplè retrèt pou sivivan ki gen laj 66 ane pou moun ki fèt nan ane 1945-1956, epi l ap ogmante ofi-amezi pou rive nan laj 67 ane pou moun ki fèt nan ane 1962 oswa apre ane sa a. Vè oswa vèv la ka resevwa avantaj redui lè li gen laj 60 ane. Si ou madam/mari sivivan ou gen andikap, li kapab kòmanse resevwa avantaj yo lè li gen laj 65 ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou vèf, vèv ak lòt sivivan yo, ale sou Entènèt nan sitwèb www.socialsecurity.gov/survivorplan.
- **Vèf oswa vèv ou** kapab resevwa avantaj yo nan nenpòt laj si l ap pran swen pitit ou k ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal, epi si timoun pokonbo gen laj 16 zan oswa si li andikape.
- **Pitit ou yo ki pa marye** epi ki pokonbo gen laj 18 tan (oswa jiska laj 19 ane si yo nan lekòl elemantè oswa lekòl segondè atanplen) ka resevwa avantaj yo tou. Pitit ou yo kapab resevwa avantaj yo nan nenpòt laj si yo te andikape anvan yo te gen laj 22 zan epi si yo rete andikape. Nan sèten sikonsans, nou kapab peye avantaj yo ba **bofis/bèlfou, pitit-pitit ou, pitit bofis/bèlfou, oswa pitit adoptif ou.**
- **Paran depandan ou yo** kapab resevwa avantaj yo si yo gen la 62 zan oswa plis. (Pou paran ou kalifye kòm depandan, ou te dwe bezwen bay omwen mwatye sipò yo.)

Avantaj pou yon konjwen divòse ki sivivan

Si ou te divòse, ansyen madanm oswa ansyen mari ou ki gen laj 60 tan oswa plis (50-59 si li andikape) kapab resevwa avantaj yo si maryaj ou te dire omwen 10 zan. Men, ansyen madanm/mari ou pa gen pou li satisfè règ laj oswa règ dire maryaj si l ap okipe pitit li ki pokon gen 16 laj zan oswa ki andikape, epitou ki kalifye selon travay ou. Timoun nan dwe se pitit natirèl ansyen madanm/mari ou oswa li dwe se yon timoun ou adopte legalman.

Avantaj nou peye ba ou kòm yon madanm/mari sivivan ki satisfè kondisyon laj oswa kondisyon andikap kòm yon vèf oswa yon vèv p ap afekte pouvantaj avantaj ou pou lòt sivivan k ap resevwa avantaj sou dosye travayè a. Men, si ou se manman oswa papa sivivan divòse ki gen pitit travayè ki pokon gen laj 16 zan oswa ki andikape pandan w ap pran swen li, avantaj ou yo ap afekte kantite lajan avantaj lòt moun ki sou dosye travayè.

Konbyen lajan avantaj yo ye?

Kantite lajan fanmi ou kapab resevwa nan Sekirite Sosyal depannde mwayèn salè ou te touche pandan lavi ou. Sa vle di plis ou te touche lajan, avantaj ou yo ap pi plis.

Ou ta dwe tcheke *Social Security Statement (Etadkont Sekirite Sosyal)* ou. Nou voye li ba travayè ki gen laj 60 ane ak plis epi ki p ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal. Si ou se yon travayè ki gen laj 18 tan oswa plis, ou kapab resevwa yon *Etadkont* nan Entènèt. *Etadkont* lan bay yon estimasyon avantaj sivivan nou ta ka peye, ak yon estimasyon avantaj pou retrèt ak andikap ak lòt enfòmasyon enpòtan. Pou kreye yon kont nan Entènèt pou revize *Etadkont* ou, ale sou Entènèt nan sitwèb nou nan www.socialsecurity.gov/mystatement.

Yon sèl peman pou lanmò

Gen yon sèl peman \$225 ki ka fèt lèw mouri si w te travay lontan ase. Se konjwen ou oswa pitit minè ou ki ka resevwa peman sa a si yo ranpli sèten kondisyon.

Lè yon manm nan fanmi w mouri ... sa w bezwen konnen konsènan benefis pou swivivan

Kouman pou mwen aplike pou benefis yo?

Si w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal

Ou ta dwe aplike pou benefis swivivan rapidman paske, nan kèk ka, benefis yo ap peye nan moman ou aplike men pa nan moman travayè a mouri.

Ou ka aplike nan telefòn oswa nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. N ap bezwen sèten enfòmasyon, men pran anpil pou w aplike si w pa gen tout enfòmasyon yo. N ap ede w jwenn sa w bezwen yo. Nou bezwen swa dokiman orijinal yo oswa kopi ki sètifye nan biwo ki bay dokiman yo.

Men kèk enfòmasyon nou bezwen:

- Prèv lanmò a—swa nan ponp finèb la oswa sètifica desè a;
- Nimewo Sekirite Sosyal ou ak nimewo Sekirite Sosyal moun ki mouri a;
- Batistè ou;
- Sètifica maryaj ou, si w se yon vèf oswa vèv;
- Papye divòs ou, si w aplike antan yon vèf oswa yon vèv ki divòse;
- Nimewo Sekirite Sosyal timoun depandan, si genyen epi batistè;
- Fòm W-2 oswa fòm taks federal travay endepandan travayè ki mouri a pou ane ki pi resan an; epi
- Non bank ou ak nimewo kont ou pou benefis ou yo ka depoze dirèkteman nan kont ou.

Si w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal

Si w ap resevwa avantaj antan yon madanm marye oswa yon mari selon travay madanm/mari ou, lè ou fè nou konnen lanmò madanm/mari ou, n ap chanje peman ou yo pou yo vin avantaj pou sivivan. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte ou.

Si w ap resevwa avantaj selon pwòp travay ou, rele nou oswa vini nan biwo nou, epi n ap verifye pou wè si ou kapab resevwa plis lajan antan yon vèf oswa yon vèv. Si se sa, w ap resevwa yon melanj avantaj

ki egal a pi gwo kantite lajan an. W ap bezwen ranpli yon fòm aplikasyon pou chanje pou pran avantaj sivivan, epi n ap bezwen wè sètifica lanmò madanm/mari ki mouri a.

Konbyen lajan m ap resevwa?

Kantite lajan benefis la baze sou salè moun ki mouri a. Tank travayè a peye lajan nan Sekirite Sosyal, tank benefis ou ap pi gwo.

Sekirite Sosyal ap itilize kantite lajan avantaj travayè ki mouri a, epi l ap kalkile ki pouvantaj sivivan yo kalifye pou resevwa. Pouvantaj la depannde laj sivivan yo ak sa yo ye pou travayè a. Si moun ki te mouri a t ap resevwa avantaj redui, avantaj sivivan ou ap baze sou kantite lajan sa a. Men sitiyasyon ki pi jeneral yo:

- Yon vèf oswa yon vèv, nan laj konplè oswa nan plis laj pou pran retrèt ap resevwa 100 poustan kantite lajan benefis debaz travayè a.
- Yon vèf oswa yon vèv, ki gen 60 tan oswa nan plis, men ki poko gen laj konplè pou pran retrèt ap resevwa 71-99 poustan kantite lajan benefis debaz travayè a; oswa
- Yon vèf oswa yon vèv, nan nenpòt laj, ki gen yon timoun ki poko gen 16 zan, ap resevwa 75 poustan kantite lajan benefis debaz travayè a.
- Timoun yo ap resevwa 75 poustan kantite lajan benefis debaz travayè a.

Benefis maksimòm pou fanmi

Gen yon limit pou benefis ki ka peye chak mwa pou ou ak pou manm fanmi ou. Limit la varye, men anjeneral ant 150 ak 180 poustan kantite lajan benefis moun ki mouri a.

Sekirite Sosyal pa garanti Pansyon nan travay

Si w pran yon pansyon nan travay kote w t ap peye taks Sekirite Sosyal, pansyon an p ap afekte benefis Sekirite Sosyal ou. Men tou, si w pran yon pansyon nan travay Sekirite Sosyal pa garanti—pa egzanp, sèvis civil federal, kèk djòb leta oswa djòb gouvènman lokal oswa travay nan peyi etranje—benefis Sekirite Sosyal ou ka redwi.

Pou plis enfòmasyon, mande piblikasyon an ki rele:

Government Pension Offset (Benefis Konpansasyon Pou Pansyon Gouvènman —Piblikasyon nimewo 05-10007. Disponib nan lang angle sèlman.) pou anplwaye gouvènman ki ka elijib

pou benefis Sekirite Sosyal sou dosye salè yon konjwen ak *Windfall Elimination Provision (Pwovizyon Ki Gen Rapò Ak Eliminasyon An Nan Pwogrè Lib Sanzatann*—Piblikasyon nimewo 05-10045. Disponib nan lang angle sèlman.)—pou moun ki te travay nan yon lòt peyi oswa pou anplwaye gouvènman ki elijib tou pou pwòp benefis Sekirite Sosyal yo.

Esi m ap travay?

Si w ap travay pandan w ap resevwa benefis Sekirite Sosyal pou swivivan epi ou poko gen laj konplè pou pran retrèt ou, benefis yo ka diminye si salè ou depase sèten limit. (Laj konplè pou pran retrèt la te 65 kan pou moun ki fèt anvan 1938, men l ap ogmante ofi-amezi a 67 pou moun ki te fèt an 1960 ak apre.) Pou chèche konnen kisa limit salè yo ye ane sa a ak fason salè ki depase limit sa yo diminye benefis Sekirite Sosyal ou, kontakte nou pou fè demann piblikasyon, *Kouman Travay Afekte Benefis Ou* (Piblikasyon nimewo 05-10069-HC).

Gen limit salè apre w fin rive nan laj konplè pou pran retrèt ou.

Epitou, salè ou ap diminye benefis ou sèlman, **men** pa benefis lòt manm fanmi an.

Esi mwen remarye?

Anjeneral, ou pa ka resevwa benefis vèf oswa benefis vèv si w remarye anvan w gen 60 tan. Men remaryaj apre laj 60 tan (oswa nan laj 50 tan si w enfim) p ap anpeche w resevwa peman benefis yo selon travay **ansyen** konjwen ou. Epi nan laj 62 zan oswa plis, ou ka resevwa benefis selon travay nouvo konjwen ou, si benefis sa yo ta pi plis.

Dwa pou kontestasyon

Si ou pa dakò avèk yon desizyon ki pran sou reklamasyon ou, ou kapab konteste li. Pou jwenn yon eksplikasyon sou etap ou kapab fè, mande *Pwosesis Pou Fè Apèl*, (Piblikasyon Nimewo 05-10041-HC).

Ou kapab fè pwòp kontestasyon ou avèk èd gratis nan Sekirite Sosyal, oswa ou kapab chwazi pou fè yon reprezantan ede ou. Nou kapab ba ou enfòmasyon sou òganizasyon ki kapab ede ou jwenn yon reprezantan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou chwazi yon reprezantan, mande *Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan* (Piblikasyon Nimewo 05-10075-HC).

www.socialsecurity.gov



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10084-HC
Survivors Benefits (Haitian-Creole)
July 2012